



Pou Piblikasyon Imedya: 13/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKSÈ PIBLIK AMELYORE NAN AN PAK ETA HEMPSTEAD LAKE

***Pwogrè a kontinye nan kad pwojè amelyorasyon 35 milyon dola, ki gen ladan nouvo santye randone, waf pou lapèch ak lansman kayak***

***Foto yo disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman 3.6 milyon dola nan amelyorasyon nan Pak Eta Hempstead nan Long Island ki amelyore aksè piblik nan pak la ak lak ki pote menm non ak li a, ki se pi gwo mas dlo dous nan Konte Nassau a. Pwojè a enkli kreyasyon 4.75 mil santye pou randone, monte bisiklèt, ak monte cheval, ansanm ak koneksyon amelyore ak lak la ak letan yo ak yon lansman kayak ak waf pou lapèch.

"Amelyorasyon sa yo pral elaji aksè ki nesèsè anpil ak lwazi deyò pou fanmi Long Island yo, pandan y ap fè kominote a pi rezistan fas ak tanpèt alavni yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Transfòmasyon kontinyèl Hempstead Lake State Park la pral ede pwoteje Hewlett Bay, diminye risk inondasyon, bay vizitè yo opòtinite lwazi amelyore, epi edike pwochen jenerasyon Long Island yo sou defi anviwonmantal rejyon an ap fè fas."

Travay ki fèk fini nan pak la ki ouvè pou piblik la kounye a gen ladan:

- yon nouvo waf lapèch ki konfòm ak ADA nan Hempstead Lake ak platfòm limine pèforan pou abita pwason amelyore;
- yon nouvo tou obsèvasyon ki mezire 20 pye ki founi yon peyizaj panoramik;
- yon nouvo pasrèl elve ki bay ADA nan aksè ak tou a;
- yon nouvo lansman kayak ki konfòm ak ADA ak yon ranp debakman;
- de pasaj pou pyeton elve ak pano arè ki mache ak solèy;
- nouvo santye ki mezire 10 pye lajè ki gen pousyè ak wòch ki optimize pou monte cheval: ak
- nouvo eskalye ak balistrad ki bay aksè piblik san danje nan lak la.

Amelyorasyon yo fè pati yon transfòmasyon 47 milyon dola nan Pak Eta Hempstead Lake, ki te sipòte pa yon sibvansyon 35 milyon dola Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Housing and Urban Development, HUD) Etazini, ak 12 milyon dola nan fon kapital

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) (Pak Eta yo). Pwojè sa a se rezilta yon patenarya ki enplike Pak Eta yo (State Parks), Biwo Retablisman Tanpèt Gouvènè (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR), HUD, Kò Enjenyè Lame Ameriken (U.S. Army Corps of Engineers), Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an (U.S. Environmental Protection Agency), ak Sèvis Lapèch ak Bèt Sovaj Etazini an (U.S. Fish and Wildlife Service). Pwojè a se yon pati nan inisyativ Living with the Bay Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a ki koute 125 milyon dola pou ogmante rezistans kominote yo bò Mill River ak toupatou nan bè South Shore yo nan diminye domaj ki soti nan vag tanpèt yo; jere dlo lapli pou bese domaj nan evènman lapli komen yo; amelyore kalite abita ak dlo; epi ogmante aksè ak Mill River nan alafwa opòtinite edikatif ak ogmantasyon opòtinite lwazi.

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Sipò HUD ak Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a te fè pak popilè sa a, ki te atire plis pase 3.5 milyon vizitè pandan dènye deseni an, yon destinasyon ki pi atiran pou lwazideyò ki an sante epi ki an sekirite nan rejyon ki gen anpil moun sa a. Gen plis travay k ap kontinye ki pral refòme li pou pi byen reziste kont move tan ki fè pati chanjman klimatik ki endui pa lòm epi pou ede pwoteje kominote ki tou pre li yo kont inondasyon."

**Direktris Ekzekitif Biwo Retablisman Tanpèt Gouvènè a, Katie Brennan, te deklare,** "Pak yo se youn pami resous ki pi enpòtan nan anviwònman nou an. Amelyorasyon sa yo nan Pak Eta Hempstead Lake amelyore rezistans, elaji aksè a lwazi ak ranfòse koneksyon sosyal kominotè a ak lanati ak basen vèsan an. Nou fyè ke pak la sèvi kòm yon egzanp sou fason ke New York ap trase wout nan adapte yo ak chanjman klimatik yo ak bati pwochen jenerasyon lidè rezistans nou yo."

**Senatè Chuck Schumer te deklare,** "Après Siklòn Sandy, mwen te goumen anpil pou mwen jwenn dè milya dola nan investisman federal pou enfrastrikti vèt, rezistan nan tout New York, ki gen ladan 125 milyon dola ki dedye a Basen Vèsan Mill River a, epi anpil nan lajan sa a te ale nan amelyorasyon nan Pak Eta Hempstead Lake. Non sèlman lajan sa yo fè pak la ak kominote ki antoure yo pi rezistan, yo ap amelyore sekirite piblik ak aksè pou plis moun nan Long Island yo ka pwofite tout sa pak la gen pou ofri, jis atan pou ete a. Mwen bat bravo pou travay Gouvènè Hochul ak Pak Eta New York yo, ansanm ak tout patnè lokal, eta ak federal ki te fè amelyorasyon sa yo posib."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Pak Eta Hempstead Lake se yon trezò nan Long Island epi mwen bat bravo pou Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York la pou amelyorasyon enpòtan yo te ajoute nan pak la. Amelyorasyon nan Pak Eta Hempstead Lake yo pral amelyore aksesibilite pou rezidan Long Island yo, sa ki pèmèt anpil vizitè anplis jwi espas vèt panoramik, kilomèt avanti ak aktivite lwazi ki an sante li yo."

**Reprezantant Kathleen Rice te deklare,** "Pak Eta Hempstead Lake ofri espas lwazi esansyèl deyò pou tout moun Long Island yo kapab jwi. Mwen tèlman kontan ke nou ap investi nan kenbe tè piblik sa a an sekirite, pwòp ak aksesib."

**Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare,** "Pak Eta Hempstead Lake se alafwa yon resous anviwonmantal vital ak yon zòn lwazi enpòtan ke plizyè santèn milye rezidan ak vizitè nan Konte Nassau jwi chak ane. Amelyorasyon sa yo pral asire rezidan yo ka jwi bèl espas vèt sa a pandan anpil jenerasyon k ap vini yo. Mwen remèsye Pak Eta New York pou patenarya ak devouman kontinyèl yo paske yo prezève resous natirèl enpòtan nou yo ak amelyore kalite lavi Nouyòkè yo."

**Manm Asanble Taylor Darling te deklare,** "Mwen kontan anpil dèske Pak Eta Hempstead Lake te konplete reparasyon ak modifikasyon pou amelyore aksesibilite pou tout Nouyòkè yo kapab jwi bèl pak nou an. Antanke manm fondatè premye Komite Moun Andikape yo, amelyorasyon sa yo tèlman nesèsè. Gwo amelyorasyon sa yo pral ankouraje pi bon avanti menm pou ane ka p vini yo. Mwen ta renmen remèsye tout moun ki te rann avansman sa yo posib, espesyalman Depatman Pak nou an, nou tout enpresyonan! Sa a se yon gwo akonplisman pou tout moun ki enplike!"

**Manm Asanble Judy Griffin te deklare,** "Mwen kontan anpil pou mwen wè pwojè eksepsyonèl nan Pak Eta Hempstead Lake pote fui ak aktivite lwazi amizan pou tout kategori laj. Rezidan Distri Asanble 21 ak vizitè yo pral jwi bèl nouvo santye pou randone, monte bisiklèt ak monte cheval la ansanm ak yon nouvo waf pou lapèch ak lansman kayak. Nou gen anpil chans pou nou genyen pak eta primitif sa a nan kominote nou an epi mwen remèsye Gouvènè Hochul, Pak Eta New York, ak tout ajans ki enplike nan bay piblik la amelyorasyon, mizajou ak aksesibilite sa yo. Mwen pa ka tann finisman pwojè fiti yo ke yo tout fè pati transfòmasyon 47 milyon dola Hempstead Lake State Park la."

Amelyorasyon k ap kontinye pou estabilize inik baraj ki gen gwo danje nan Long Island—Baraj Hempstead Lake—ap fèt kounye a. Yo ap renove gerit Hempstead Lake ak kay antre South Pond yo kounye a, ak etablisman Hempstead Lake ki pral resevwa nouvo pòtay ekliz ki fonksyonèl ki pral pèmèt anplwaye pak yo kontwole nivo lak la anvan ak pandan tanpèt yo. Yo planifye tou reparasyon pou fasad an wòch baraj la pou li konfòm ak règleman sekirite Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) eta a. Amelyorasyon sa yo prevwa fini nan mwa septanm 2022.

Amelyorasyon santye ki planifye pou desanm 2022 gen ladan tou yon nouvo santye vèt ki gen pousye ak wòch ki mezire 10 pye lajè pou bay yon sistèm santye kontinyèl nò rive nan sid atravè pak la, ansanm ak yon nouvo santye marekaj ki gen pousyè ak wòch ki mezire 8 pye lajè.

Yo espere plis travay nan pwojè a k ap fini an desanm 2022 gen ladan amelyorasyon nan Northern Ponds pak la pou bese risk inondasyon sou Mill River epi redwi polisyon k ap antre nan Hewlett Bay. Travay gen ladann yon nouvo pakin Eagle Avenue pou sèvi kòm yon pòtay antre, reparasyon nan baraj Northwest Pond, nouvo ponso drenaj, de nouvo pon an asye pou pyeton, yon teras obsèvasyon ki bay sou Northeast Pond, sistèm pou kolekte debri k ap flote ki antre nan zòn etan an ki soti nan katye ki trè

ibanize ozalantou yo, retire espès anvayisan yo ak replantasyon espès endijèn yo pou sipòte divèsite biyolojik plant ak bèt amelyore, ak kreyasyon nouvo marekaj ak kanal pou filtre dlo lapli ki soti nan Southern State Parkway ki toupre a.

Septanm pase a, Gouvènè Hochul te ouvri Sant Edikasyon ak Rezistans Anviwònmantal (Environmental Education and Resiliency Center) pak la ki koute 8.3 milyon dola nan kad pwojè sa a. Sant 8,000 pye kare a ofri aprantisaj pratik sou sijè rezistans kont tanpèt ak jesyon anviwònmantal; bay espas pou sansibilizasyon kominotè; epi li sèvi kòm yon sant kowòdinasyon pou ijans pandan repons pou katastwòf.

Nouvo Sant Edikasyon ak Rezistans Anviwònmantal pak la prezante ekspozisyon ak enfòmasyon ki eksplike enpak sou chanjman klimatik, pwosesis rezistans nan kominote a, ak jesyon anviwònmantal, e li gen ladan yon teras ki bay fas sou Hempstead Lake la. Lòt pwogram edikasyon pandan tout ane a pral ede amelyore konpreyansyon ak relasyon kominote a ak Basen Vèsan Mill River a.

Sant lan gen ladan espas kominotè pou edikasyon anviwònmantal, òganizasyon san bi likratif yo, enstitisyon edikatif yo, ak òganizasyon kominotè yo. Pwogram Nassau County Law Enforcement Explorer a, ki dirije pa Depatman Polis Konte Nassau, itilize sant lan pou kontakte kominote lokal la, konbat vyolans gang k ap angaje jèn yo pozitivman atravè konsèy ak edikasyon. Etablisman an kapab sèvi tou kòm yon repons "Pòs Kòmand" fas ak tanpèt pou kowòdinasyon lokal nan kad repons ak katastwòf pou premye sekouris yo, ansanm ak yon zòn pou konpayi sèvis piblik yo k ap kowòdone mizanplas ekipman, amelyore repons ijans yo pou retabli sèvis piblik enpòtan yo.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis ankò, ki te resevwa yon kantite rekò 78.4 milyon moun an 2021. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite [www.parks.ny.gov](http://www.parks.ny.gov), telechaje aplikasyon mobil NY State Parks Explorer la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Epitou, konekte sou Facebook, Instagram ak Twitter.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)